

Sekirite ak Byennèt elèv Lekòl Leta Miami-Dade County yo enpòtan pou nou anpil. Konsa, nou pran tout prekosyon pou avèti paran ak gadyen responsab yo chak fwa nou vin okouran de nenpòt danje posib oubyen enkyetid ki ka afekte timoun.

Laprès entènasyonal, nasyonal ak lokal rapòte yon tandans twoublan ki ap pase sou sit Entènèt yo ki rele "Momo Challenge" (Defi Momo). Defi sa a, ki te fèk parèt ane pase, rebran popilarite, e li enplike yon karaktè efreyan ki ap ankouraje timoun atravè videyo WhatsApp ak YouTube pou Timoun, pou yo patisipe nan yon seri de aksyon ki danjere e/oubyen ki fatal.

Pandan kèk rapò endike se yon fo menas jeneralize, ka gen videyo "copycat" (imitatè) ki ap sikile tou. Se pou sa, nou panse li enpòtan pou mete paran ak gadyen yo okouran de enkyetid sa a e nou konseye yo anpil pou sa sèvi ak kòm yon opòtinite pou pale ak timoun yo sou presyon kamarad ap ba yo, pou yo itilize Entènèt yon fason ki responsab ak enpòtans pou rapòte bay yon adilt aktivite sou Entènèt ki sispèk e/oubyen ki dwòl.

Anplis, nou konseye pou paran ak gadyen yo pran tan pou mete anplas e/oubyen revize kontwòl paran sou aparèy elektwonik timoun yo, ansanm ak lòt sa yo ka jwenn aksè lakay yo.

Nou ankouraje moun ki rankontre ak kontni oubyen videyo ki sanble li gen rapò ak Defi 'Momo' a pou rapòte yo bay YouTube nan:

<https://support.google.com/youtube/answer/2802027?co=GENIE.Platform%3DAndroid&hl=en>